ФИФІ ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ ІЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКІУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ
ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКІ

№238 (21.646) ● 2009 гъэм дыгъэгъаэм (декабрым) и 17, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокІ ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и стипендиехэмкІэ эксперт советым, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и 2008 гъэм мазаем и 4-м къыдигъэкІа Указ №15-УП-мкІэ къыщІам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и стипендиехэмкІэ эксперт советым, «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и стипендиехэм ятеухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым 2008 гъэм мазаем и 4-м къыдигъэкІа Указ №15-УП-мкІэ къыщІам, мы къыкІэлъыкІуэ зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) советым хэгъэхьэн мы къыкІэлъыкІуэхэр:

Жамборэ В. С. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэм и УнафэщІым и кьалэнхэр зыгъэзащІэр *(эксперт советым и унафэщІ)*

Дадэ М.А.- Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым Егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и комитетым и унафэщІыр *(зэгурыІуэ)*

Хьэшыр С. Ю.- профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щагъэсагъуэт «Бэрбэч Хь.М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» къэрал Іуэхущ1апІэм и кафедрэм и доцентыр *(зэгурыІуэ)*

Шестирублев С. Н. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩІалэгъуалэ правительствэм и унафэщІым и къуэдзэр;

б) **Къарэмырзэ Б. С.** и къулыкъум зэрядэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу къэхьын: «профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щагъэсагъуэт «Бэрбэч Хь.М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет» къэрал Іуэхущ1апІэм и ректорыр *(эксперт советым и унафэщІым и къуэдзэщ (зэгурыІуэу)»*;

в) **Пащты Б. С.**и къулыкъум зэрядэр мы къыкІэлъыкІуэм хуэдэу къэхьын «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм хъыбарегъащІэ Іэнатіэхэмкіэ, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм ядалэжьэныгъэ щІалэгъуалэм я Іуэхухэмкіэ и министрыр»;

г) советым къыхэгъэкІыжы**нДадэ С. А., Къэжэр А. Хь., Къуэныкъуэй А. С.**-сым.

2. Мы Указым кьару егъуэт Іэ щыщІэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм дыгъэгъаэм и 1-м
№194-УП

Сабийм и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж щыІэм и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Указ

Сабийм и хуитыныгъэхэмрэ абы и сэбэн зыхэлъхэмрэ тэмэму зыкъомкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм къыщІызэгъэпэщын мурадкІэ, «Сабийм и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Урысей Федерацэм и Президентым и деж щыІэм и Іуэхукіэ» 2009 гъэм фокІадэм и 1-м Урысей Федерацэм и Президентым къыдигъэкІа Указ №98-рм и пункт 5-м тету **унафэ сощ**

1. Сабийм и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж щыІэм и къулыкъу къызэгъэпэщын.

2. Сабийм и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж щыІэр и къулыкъым егъэуцо икІи трегъакІ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым.

3. Сабийм и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж щыІэм и лэжьыгъэр къызэригъэпэщыну кьалэн ящыщІын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Администрацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и Іуэхухэмкіэ Управленэмрэ.

4. Езым кьыбгъэдэхуэ кьалэнхэр игъэзащІэн папщІэ, сабийм и хуитыныгъэхэмкІэ уполномоченнэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президентым и деж щыІэр хуит щІын:

езыр зыхуэей Іуэхухэр, документхэр, материалхэр щыІэ хабзэхэм тету, къэрал властым и органэм, щыпІэ самоуправленэм и органэм, организацэхэм, къулыкъу зыІыгъ ЦІыхухэм къаІихыну;

къыпэрыуэ щымыІэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органэм, щыпІэ самоуправленэм и органэм, организацэхэм я лэжьапІэхэм щІыхьэну;

езым и щхьэкІе е зыхуэфащэ полномочиехэр зиІэ къэрал органэм, къулыкъущІэхэм щыІагъуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и гъэзэщІакІуэ властым, апхуэдэу къулыкъущІэхэм я лэжьэкІэр кьимщытну, абыхэм зыхуей Іуэхухэмкіэ еупщІыну;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къэрал властым и органэм, щыпІэ самоуправленэм и органэм, къулыкъу зыІыгъ цІыхухэм ящыщу ящІа унафэм (ялэжьын хуейуэ кьэнахэм) ипкъ иткІэ сабийм и хуитыныгъэхэмрэ абы и сэбэн зыхэлъхэмрэ зыкъомкІэ апхуэдэ хуитыныгъэхэр зэтегъэуцужьыныжьмкІэ лэжьыгъэхэмрэ чэнджэщхэмрэ зэрыт заключенэхэр яхуигъэхьыну;

сабийм и хуитыныгъэхэр хъумэным ехьэлІа эксперт, щІэныгъэ-аналитикэ лэжьыгъэхэр ирагъэкІуэкІын папщІэ, щыІэ хабзэхэм тету, щІэныгъэ, щІэныгъэ Іуэхущ1апІэхэр, апхуэдэу щІэныгъэлІэкІэмрэ щІэныгъэлІэкІэмрэ кьришэлІэну, ахэр пщІэкІэ игъэлэжьанри хэту.

5. Мы Указым кьару егъуэт официальнэу къыщыдатрадза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Президент КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2009 гъэм дыгъэгъаэм и 9-м
№198-УП



И бзэм къыхуехь

Литвам и президент Грибаукайте Даля унафэ ищІащ сыхьэт 24-м къриубыдзу я къэралым и лІыкІуэу Куржым щыІэ Мечис Лауринкус хэкум кьыгъэзэкІи хуейуэ. Ар абы кьрелжьэ дзыкъ зэрыхъэмыщІыжым къыхэкІыж.

ЛІыкІуэр и къулыкъум тегъэкІыным зэрыщІэлъэІу тхыгъэ ВОСМАХУ президентым иритат Литвам къэрал щыІагъуэм щагъэмкІэ и департаментым и унафэщІ Малакаускас Повилас. Ар а къулыкъум пэрыувагъащІэщ. Иджы президентым дзыхь зыхуэпащІ лІыкІуэм и унафэ зыщІынур правительствэращ. Ар а Іуэхум хэпльащ дыгъуасэ.

Езы Лауринкус Мечис щыгъуэгъэзыным пылъхьэ кьыщІэхуащІам и щхьэусыгъуэм. Абы зыри тепсэлъыхьыкьым, ауэ лІыкІуэм мэрем кІуам зыкьыхуигъэзат ЦРУ-м и гупшасэщ гъэщІэгъуэу Литвам щыІэу жьауэ Іэм и пэжыпІэр зэхъуэкІэ гупым и унафэщІым. Абы теухуа хьыбарыр «ЗыІэщІэкІахэм» Лауринкус Мечис хэтауэ хуагъэфащэ.

Жьыми, гъэщІэрэщІауэ

Бразилием и правительствэм кьшнэхуащ «Леопард» нэмыцэ танкэм хуэдэу 34-рэ.

А техникэр щІэкьым, пІалъэ гъэрКІэ кьагъэсэбэпащ.

Бразилием зыхьымэжьныгъэмкІэ и министерствэм кьызэригъэпэщащ, апхуэдэу иджыри танк 206-рэ мыгувэу Іэрагъэхьэнущ ящІэ лъэныкъуэмкІэ щыІэ Риу-Гранди-ду-Сул, Паранэ штатхэм.

«Леопард» нэмыцэ танк хьэлъхэр кьызэгъэпэщащ миллиметр 105-рэ зи калибр топхэмкІэ, ящм ахэр НАТО-м хэт къэралхэм я Іэшуэ щытат. Бразилием ирашри и пэжІэ танкхэр ирагъэфІэкІуащ идкьырей пкьыгъуэхэмкІэ. Танк кІэр Бразилием уасэу щитащ я къэралым и реал мин 900 (ар США-м и доллар мин 514-рэ мэхъу).

Хьэрычэтыщ1э бзаджэхэр

«Galleon Group» хедж-фондыр кьызэзыпэщІа, мелардырыбжэ Раджарантам Ралж Іуэхугъэ 17-кІэ игъэкъуэнщащ США-м и судым.

Зи ныОжьыр илъэс 51-м щІигъуа Раджарантам Шриланкэм кьщащІэхуащ икІи щапІащ. Абы и мылъкур доллар мелард 1,5-рэ мэхъу. Америкэм щыпэхъэ кьулей щыхуэ щІэнагъэ зэхъэгъэхуэм щыІэ щхьэкъуаншэ, тхьдэм щынэхь ин дыдэ инсайдер схемэ зэригъэпэщу, доллар мелуан бжыгъэхэр хабзэм кьемыгъэшу зыІэрихьэхуауэ жаІэри, Нью-Йорк и Ипщэ округым и прокуроры кьигъэлъагъэу ящаншагъэр пэжм, Раджарантам игъэтІысынущ илъэси 145-кІэ.

Ардыдэмкіэ ягъэжьауанщ абы и лэІэпыкъуэгъу, «New Castle» инвестфондым и менеджер Чайси Дэниэл. Абыхэм инсайдер схемэр кьащІагъэсэбэпащ дунейпсо фонд, валютэ рынокхэм «Intel», «IMB», «Hilton», нэгъуэщІ компаниехэм я акцэхэр кьащІащхьуурэ. Идкьм Чейси Дэниэл илъэси 155-кІэ ягъэтІысынкІэ щынагъуэщ.

А инсайдер схемэ зыубгъуам хэтауэ прокуратурэм Уоллстрит щиубыдащ идкьыри щІыху 12.



● Авиацэр кьащІыунэхуа махуэщ.1903 гъэм дыгъэгъаэм и 17-м Каролинэ Ищхьэрэ штатым (США) Райтхэ Орвиллрэ Уилбергрэ дунейм щыпэху Іуэхум зыІэтащ ешуэ зэкъуэщхэм зэпхъаръхьэжа «Флайдер» кьхъухьлъатэмкІэ.

●Стратегие мыхьэнэ зиІэ ракетэщІэм я махуэщ

●Урысыем и къэрал Фельдьегер Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэхэм я махуэщ

● Мусылымэн махуэгъэпсымкІэ 1430 гъэм щІедз. Илъэсыщ1эм и яп1э махуэщ.

● Москва и «Олимпийскийр» спорткомплексым щІэзэхуащІыжьынущ. ЩІалэгъуалэм и илъэсыр. Абы иращІылІэ дуейдэ зэхъэгъэхуэм щыІэ кІуаэр зыхэтыну зэІуущІэр.

● Дыгъэгъаэм и 17 - 20-хэм Москва щекІуэкІынущ хоккеймкІэ «Ящэ канал»м и кубок» дунейпсо зэхъэгъэхуэр.

●Дыгъэр кьащІэжІащ сыхьэтэ 7-рэ дакьикъэ 34-м, кьухьжьынущ сыхьэт 16-рэ дакьикъэ 30-м.

● Махуэм и кІыхьагъщ сыхьэти 8-рэ дакьикъэ 56-рэ.

ПІалъэр зыгъэхьэзырыр **ГЪУЩІО Зарифи.**

Льэпкъ Іущыгъэ:

Къуат къэуатккъым, къэбІэжьжьырщ къэуатыр.

● КЪБР-м и Парламентым

АХЪУЭХЪУ Къанщобий:

2010 гъэм и бюджетым щІэгъэхуэбжьауэ долэжь

КЪБР-м и Парламентым и зэІуущІэм ятэ къеджэгъэуэу щыхэплащ «2010 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхукіэ» республикэм и законым и проектым. КЪБР-м и финанс документ нэхъыщхьэм иджыпсту депутатхэр щІэгъэхуэбжьауэ долэжь. Дызыхуэкіуэ илъэсым и бюджетым и кьыззгъэпэщыкІэм, нэхъ гу зылыпатхъэу абы хэтхэм теухуауэ дэ депсэлъащ КЪБР-м и Парламентым Бюджетымкіэ, налогхэмкіэ, финансхэмкіэ и комитетым и унафэщІ Ахьуэхъу Кьанщобий.

- Республикэ бюджетыр кьызэращтэ щыкІэм, абы пыщІауэ КЪБР-м и Парламентым щрагъэкІуэкІ Іуэхуэхэм тхутепсэльыхьыт.

- КЪБР-м и республикэ бюджетым теухуауэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и законым и проектыр Парламентым кьызэрыщІухьхьэ, ар газетхэм кьызэрытрадзэ, мы документым зэрыкъэпІэ щыкІэхэр щыубзыхуащ «КЪБР-м щекІуэкІ бюджет лэжьыгъэмрэ абы и бюджетым и кьызэгъэпэщыкІэмрэ я Іуэхукіэ» Законым. Дызэрыгъэпльэм и жэпуэгъуэ мазэм КЪБР-м Парламентым а документым зэхъуэкІыныгъэхэр хилъхьащ КЪБР-м и бюджетым и проектыр кьыщІэрадзэ пІалъэмрэ ар Парламентым щыІэрыкъэн хуей пІалъэмрэ яхуэгъэзауэ. А зэхъуэкІыныгъэхэм ятещІыхьауэ КЪБР-м и Президент Кьаноокъуэ Арсен «2010 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхукіэ» КЪБР-м и законым и проектыр Парламентым кьигъэхьащ дызэрыт илъэсым щэкІуэгъуэм и 6-м.

КЪБР-м и Парламентым и УнафэщІым нубзыкъащ мы документым комитетхэр зэрелэжьыну, зыхуэфащэ адрей Іуэхугъуэхэр зэрызэфІагъэкІыну графикыр. Абы ипкъ иткІэ финанс документ нэхъыщхьэм щытепсэльыхьащ республикэм и министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ я унафэщІхэр, муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я лІыкІуэхэр кьызэрихьэлІа зэІуущІэм. Апхуэдэу а зэІуущІэм хэтащ КЪБР-м и Парламентым и УнафэщІым и деж щыІэ Жылагъуэ советым щыщхэр, жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лІыкІуэхэр. КьыхэгъэщІапхъэщ документым тепсэльыхьыныкІэ, ар гъэтэмэныныкІэ абыхэм жьыджэратІыщхуэу кьызэрагъэлъэІуар. Ди комитетым бюджетым теухуа кІэух зэІуущІэр дыгъэгъаэм и 1-м иригъэкІуэкІащ икІи мы документым ехьэлІауэ кьалъхьа зэхъуэныкъуэхэм, кьалъхьа нэгъуэщІ Іуэхухэм хэпльащ. Апхуэдэ зэхъуэкІыныгъэ 127-м щыщу 103-р документым хэпльхьэжьыпхъэу кьалъытащ.

Адрей илъэсхэм хуэмыдэу, мы гъэм дэ кьыхэтлъхьащ бюджетым и проектым кьеджэгъэнущ дыхэпльэну. Абы папщІэ макроэкономикэ бюджетхэхэм, дызэгурыІуэри, етІуанэ кьеджэгъэуэм дыщытепсэльыхьыну тедухущ. А щыкІэм тету, дыгъэгъаэм и 22-м бюджетым и проектым етІуанэ кьеджэгъуэу дыхэпльэнущ икІи дыгъэгъаэм и 25-м финанс документ нэхъыщхьэр депутатхэм кІэухуэу кьащтэну дыщогугъ.

- Уэ узэрепльымкІэ, 2010 гъэм и бюджетым нэхъыщхьэ дыдэу гу зылыпатхъэу хэлъыр сыт?

- Дызыхуэкіуэ финанс илъэсми, кьыкІэлъыкІуэну гъэхэми бюджетыр щыхэхальхьэкІэ кьалэн нэхъыщхьэ дыдэу кьонэ щыпІэ бюджетхэм адрей бюджетхэр зэрадэІэпыкьыр гъэмэщІэныр, абыхэм езыхэм кьызэрагъэпэщыж хэхъуэр нэхъыбэ щІыныр. Абы хуэунэтІа лэжьыгъэ КЪБР-м и Парламентми Правительствэми ирагъэкІуэкІащ. Абыхэм кьызэрагъэпэщауэ щытащ языныкъуэ щыналъэ налогхэм щыщ ахъшэу щынальэхэм я бюджетхэм яІэрыхьэм и мардэ зэхъуэкІыныгъэ лэжьакІуэ гупхэр. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, щІыналъэхэм я бюджетхэм зэрядэІэпыкьу ахъшэр гъэмэщІэныжьмкІэ муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ зэфІэкІыщхэу зэрабгъэдэмылыр нэрылъагъу хьуащ. Араш лъабжьэ хуэхъуар Урысей Федерацэм и Бюджет кодексым и статьяе щхьэхуэхэм муниципальнэ районхэмрэ кьалэ округхэмрэ я бюджетхэм налог зэмылІэужьыгъуэхэм щыщу яІэрыхьэ мардэр УФ-м и субъектым и законкІэ зэхъуэкІыныжьмкІэ полномочиехэр етыным теухуа зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэныжьмкІэ КЪБР-м и Парламентым Урысей Федерацэм и Федеральнэ Зэхуэсым и Къэрал Думэм жэрдэм кьызэрыщІэтам.

(КІэухыр 2-нэ нап.).

ТекІуахэр ящыгъупщэркъым

Хэку зауэшхуэр Совет Союзым и текІуэныгъэкІэ зэрнухрэ илъэс 65-рэ зэрырикъур 2010 гъэм ягъэпэсыпІэнущ. А Іуэхугъуэм пежьакІэщ Налшык къалэм Егъэджныгъэмкіэ и департаментым и унафэщІым и къуэдзэ Борчаев Камал, Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я зэгухьэныгъэу Налшык щыІэм и тхьэмадэ **Абдулаев Мустэфа**, Хэку зауэшхуэм и ветеран **Серебрянский Борис**, кьалэм дэт курыт школхэм я унафэщІхэм я къуэдзэхэр, еджакІуэ жыджэрхэр.

Эстафетэр кьызэІуахри, ЗЭІУЩІЭМ кьрихьэлІащ Налшык кьалэм ЕгъэджныгъэмкІэ и департаментым и унафэщІым и къуэдзэ **Борчаев Камал**, Зауэмрэ лэжьыгъэмрэ я ветеранхэм я зэгухьэныгъэу Налшык щыІэм и тхьэмадэ **Абдулаев Мустэфа**, Хэку зауэшхуэм и ветеран **Серебрянский Борис**, кьалэм дэт курыт школхэм я унафэщІхэм я къуэдзэхэр, еджакІуэ жыджэрхэр.

- Кьетхъэжьа Іуэхум ГъэбжьэХуэхъуэр Хэку зауэшхуэм лІыхьужьыгъэ щызэзыхьаэр тщымыгъупщэныр, абыхэм пщІэ яхуэтщІыныр, - жиІащ абы. - Махуэ кьэс нэхъ мащІэ мэхъу ди нэхъыжьыфІхэм я бжьыгъэр. Абы ипкъ иткІэ, нэхъыбэрэ даІущІэн хуейщ ветеранхэм. Псом хуэмыдэу гулъытэ хэха хуэщІыпхъщ Хэку зауэшхуэм хэтахэмрэ текІуэныгъэр, мамыр псэукІэр кьызыхуахьа щІэблэмрэ зэрыщІэныр, я гурыгъу-гурыщІэхэмкІэ зэдзэгуэшэным. Си гугъэщ нобэ мы школым щрагъажьэ Іуэхур дахэу екІуэкІыну, абы хуэфащэу адрей еджапІэхэми кьыпащэну.

ЗэІуущІэм кьеблэгъа ветеранхэр я гукъэкІыжьхэмкІэ ныбжьыщІэхэм ядэгугъэшащ, фІыуэ еджэну, гъащІэм пъэ быдэкІэ хэувнэхэу ехъуэхъуащ.

АдэкІэ ныбжьыщІэхэм я лэжьыгъэр унэтІныгъэ зэмылІэужьыгъуэу зэщхьэщыхьауэ екІуэкІащ. Абы жьыдэкру, акъылыфІагъэр жанагъэр кьагъэлъагъуэу хэтащ класс зэхъуэмыдэхэм щІэс ныбжьыщІэхэр.

НЭЩІЭПЫДЖЭ Замирэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

● Псапэ

Хуэмыщ1ахэм дадэвгъэІэпыкъу

КЪБР-м и Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ1апІэмрэ «Къэбэрдей-Балъкъэрым щыхьэбархэр» программэмрэ кьызэрагъэпэщ нэхъ хуэмыщ1ахэм ядэІэпыкъуным теухуа псапащІэ Іуэху.

ИлъэсыщІэр хъуэпсапІэхэм я къежьапІэщ. Ауэ, ди жагъуэ зэрыхъуащи, зи сабийхэр а махуэм зымыгъэгуфІэф унагъуэхэри щыІэщ. Апхуэдэхэм дадэвгъэІэпыкъу. Мы дэжьыгъэм хиубыдэу нэхъ зи Іуэху дэкІ унагъуэхэм ильэсыщІэ тыгъэхэр хуащІ хъунущ унагъуэшхуэхэмрэ унагъуэ нэхъ хуэмыщІахэмрэ я сабийхэм.

Мы Іуэхум кьыхьхьэну гукъыдэжьиІэ псори 47-64-83, 47-12-98 телефонхэмкІэ фыкъэпсалъэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым дяпэкІэ щагъэзыхьэныгъэ щылажьэхэм псэуПІэ кьращэхуэ е ар ирагъэфІэкІуэ папщІэ зэуэ яг суосиндер яІэрыхьэным теухуа план.

- АБЫ кьызэрыщыгъэлъэІугъэмкІэ, субсидиер кьыдах хъунущ бюджет Іэнатіэм ильэсищым щІигъуауэ щылажьэхэм, ауэ абыхэм я улахуэр республикэ бюджетым кьызэкІыу щытын хуейщ, - щьокІащ Адыгейм Къэкъыдзэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм.

- ПщІэнэзу псэуПІэхэр бюджет Іэнатіэхэм щылажьэхэм ятеныкІэ Адыгейр щапхъэ адрей щІыналъэхэм яхуэхъунущ. Проектым и уасэщ сом мелардым нэбгырэ. Урысей Федерацэм и Президентым и унафэщІ зэрыщІэтам щыІэ бюджетым кьыхэкІынущ, - жиІащ а Іуэхум теухуауэ Адыгейм и унафэщІ ТхьэкІущынэ Алсьэнэдэрий.

● ЩІэ

КъБКъУ-м и къудамэхэм къахохъуэ

ягъэхьэзырынущ 2010 - 2011 гъэ еджэгъуэм щыщІэдзауэ.

Абыхэм кьищыкІэмыщІауэ, КЪБКЪУ-р иджпсту хопльэ «Динхэр джын», «Зэныкъуэкъхэр зэфІэхын» Іэщ1агъэхэм щыхурагъаджэ къудамэхэр кьызэІуахын Іуэхуми.

ТХЬЭХУЩЫНЭ Ланэ.

Бюджетым къыхокІ

АДЫГЕЙ. ***Республикэм и правительствэм иджыблагъэ зэхигъэуващ бюджет Іэнатіэ щхьэхуэхэм щылажьэхэм псэуПІэ кьращэхуэ е ар ирагъэфІэкІуэ папщІэ зэуэ яг суосиндер яІэрыхьэным теухуа план.***

- АБЫ кьызэрыщыгъэлъэІугъэмкІэ, субсидиер кьыдах хъунущ бюджет Іэнатіэм ильэсищым щІигъуауэ щылажьэхэм, ауэ абыхэм я улахуэр республикэ бюджетым кьызэкІыу щытын хуейщ, - щьокІащ Адыгейм Къэкъыдзэмрэ социальнэ зыужьыныгъэмкІэ и министерствэм.

- ПщІэнэзу псэуПІэхэр бюджет Іэнатіэхэм щылажьэхэм ятеныкІэ Адыгейр щапхъэ адрей щІыналъэхэм яхуэхъунущ. Проектым и уасэщ сом мелардым нэбгырэ. Урысей Федерацэм и Президентым и унафэщІ зэрыщІэтам щыІэ бюджетым кьыхэкІынущ, - жиІащ а Іуэхум теухуауэ Адыгейм и унафэщІ ТхьэкІущынэ Алсьэнэдэрий.

Куржыхэр кьремыгугъэ

АБХЪАЗ. ***Иджыблагъэ екІуэкІа президент хэхьныгъэхэм щытекІуэ, иджыпстуи а кьулыкъур зыгъэзащІэ Бэгъэщ1 Сергей журналистхэм яІущащ.***

- ДИ ДЕЖЬКІЭ нэхъыщхьэр президент хэхьныгъэхэр мамыру зэрекІуэкІарщ. Абы кьетхъыгъуэ демократиер щытепщэ кьэралыгъуэ Абхъазым зэриуухэр. Президенту хахаракым нэхъыщхьэр, абыи мыхьэнэшхуэ иІэу щытми, ятІэ республикэм хэшІыкІ пылъыгъуэр ди щІыхэм кьызэрыддалІыгъэщ. Дэ кьытпэщылъщ сыт и лъэныкъуэкІи лъщ икІи зэпэщ кьэралыгъуэ дыуухуэну.

Кьыхэзэгъэщынщ, абрэзаэхэм зэи курыкъым я деж я ягъэзэжьынукъым. Ар зыщагъэгъупщэ хъунущ Куржым и унафэщІэм. ЗэхуэщытыкІэ гуэрхэр дыуэхуинІу щытми, ар кьэралыгъэхэм я Іуэхум ящІэ дыдэм хуэдэу щытынущ, - кьыхихъэщащ Бэгъэщ1 Сергей.

ХЬЭЩЫКЪУЕЙ Олег.

● Къэрал Іуэхущ1апІэхэм

ДэІэпыкъуныгъэ ират

Къэбэрдей-Балъкъэрым кьыщызэрагъэпэщынущ ГИБДД-м. «ДэІэпыкъуэгъу псынщІэм». МЧС-м я постхэр зэуІуу щызэдэлажьэну гъэзгу Іуэхущ1апІэ.

ДИ РЕСПУБЛИКЭМ и щыналъэм федеральнэ автомобиль гъэзгу щы кІуэцІрокІ. Абыхэм ящыщу «Кавказ» М-29-р Кавказ Ищхьэрэм щынэхь ин дыдэщ. Мы гъэм Къэбэрдей-Балъкъэрым и гъэзгуэхэм насыпшагъэу 500-м щІигъуа щыщхьэщ, щыхуипшІ бжьыгъэхэр хэкІуэдащ. Зэуфащэ медицинэ дэІэпыкъунигъэ и чэзум ягъэзгъуэ щытамэ, бэІутІэІу хэхуахэм ящыщ щІбжанэ къахуегъэлъыну кьыщІэкІынт. Гъэзгу Іуэхущ1апІэр кьыщыІэзэпыкъуахьр насыпынщагъэ кьыщыхъу щІыпІэм икІэщІыпІэкІэ лъэІэсын щхьэкІэщ. УГИБДД-м, медицинэм и Іэнатіэхэм, кьегъалакІуэхэм я пост зэуІуэр федеральнэ гъэзгум километр 40-кІэ щызэпэщІэхауэ, щыпІэр зыхуэзэкІэ зэпэгуэшауэ, дэтхэнэри районхэм я медицинэ Іуэхущ1апІэхэм я кьудамэхэм егъэбыдыпІауэ, зэпымыуэу лажьэ связкІэ кьызэкІэщІауэ щыІэ.

А Іуэхур зэраубзыхуну щыхьэм и щапхъэу Медицинэм кьызэрымыкІуэ щыІэхэм ЗэкІэмкІэ и центрым кьыщыхьэ ящІ. Абыхэм я фІыгъэкІэ гъэзгу бэІутІэІум хэхуауэ 154-м, щыхуэ 42-рэ кьрагъэлащ. 2010 гъэм щегъэжьауэ «Бахъсэн», «Налшык», «Аршыдан» гъэзгу постыщІэхэр ягъэувыну я мурадщ. Абы кьыдэкІуэу, Медицинэм кьызэрымыкІуэ щытыкІэхэмкІэ и центрым псынщІэу Іуэхуэхэр зэфІэзых диспетчер кьудамэ зэпымыуэу щолажьэ. Налшык, Бахъсэн, Прохладнэ кьалэхэм, Аруан, Май районхэм «ДэІэпыкъуэгъу псынщІэмкІэ» я станцхэм щагъэуващ КЪБР-м и МВД-м и УГИБДД-мрэ МЧС-мрэ я дежурнэхэм зашІэу зэрызыпащІэ рацэхэр. Абыхэм я фІыгъэкІэ гъэзгу бэІутІэІум хэхуахэм дэІэпыкъунигъэ езыр Іуэхущ1апІэхэр нэхъ псынщІэу зэщІагъэуІэфынущ.

ТОЛАСОВЭ Екатеринэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатхэм гу зылъатапхъэ

2009 гъэм дыгъэгъаэзм и 22-м КЪБР-м и Парламентым и Унэм щекІуэкІынущ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэІуущІэр.

ЗэІуущІэм щыщІидзэнур сыхьэти 10-рщ.

КЪБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

ПащІэ Бэчмырзэ и илъэси 155-р

КЪБР-м ЩІэнхабзэмкІэ и министерствэм фрегъэблагъэ къэбэрдей литературэм и лъабжьэр зыгъэтІылъа ПащІэ Бэчмырзэ кьызэралъхурэ илъэси 155-рэ зэрырикъум теухуауэ 2009 гъэм дыгъэгъаэм и 23-м сыхьэт 16-м Къэрал концерт гъэлъэгъуэнІэм щекІуэкІыну гуфІэгъуэ пшыхьым.

ФышІэпущІэ хъунущ 47-36-50, 40-24-11 телефонхэмкІэ.

«Адыгэ псалъэр» кьыфІэрыхьэну фыхуеймэ

Ди щІэдзыкІакІуэ лъапІэхэ!

Фигу кьыдогъэкІыж 2010 гъэм и яп1э илъэс ныкъуэм кьыфІэрыхьэну газетхэм, журналхэм Іэ тедэзныр зэрекІуэкІыр.

Илъэс ныкъуэм ди газетым и уасэщ сом 356-рэ кІэнІейкІи 10-рэ.

«Адыгэ псалъэм» Іэ щытевдзэ хъунущ республикэм и пощт Іуэхущ1апІэ псоми.

Ди индексыр 51531

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

2010 гъэм и бюджетым щIэгъэхуэбжьауэ долэжь

(КIэухыр. ПэщIэдзэр 1-нэ нап.)

2010 гъэм и бюджетым гу зылыытапхъэ нэгъэуцI Iуэхуу хэлъхьэм ящыщ:

федеральнэ бюджетым и ахъшэу республикэм кьыдэхэсыжыкIэ сом меларди 2,4-м щIигъукIэ эрагъэмащIэр;

нэхъ хуэщIыпуэ псэу цIыхухэм эрадэIэпыкIуу щыта ахъшэр дяпэкIэ федеральнэ бюджетым и пIэкIэ Урысей Федерацэм и субъектхэм я бюджетхэм кьыдэхэсыжагъэкIынур;

гъэтIылыпIэ зимыIэу щымыт Iэнатlэхэм ехьэлIауэ щыкIуэ ныдэлъфыгъэ кьыдагъэсэфэн капиталнэ ахъшэр эрагъэмащIэр;

кризисым и лъэхъэнэм бюджетым и социальнэ унэтIыныгъэхэр эрамыхьуэжьр.

- 2010 гъэм и бюджетыр зэрыдзэхальхьэм ф абы и унэтIыныгъэ нэхъыщхьэхэмрэ я лъэныкъуэкIэ сыт кьыджепIэфынуэ Iэнатlэхэр Iэнатlэхэр япэ ирагъэшIрэ, социальнэ Iуэхуэм сыт хуэдэ гулыытэ ягъуэтынуэ?

- Иджыпсту зэрэщыту Урысейми Къэбэрдей-Балькъэр Республикэми щыIэ щытыкIэр тыншу пхужыIэнукъым. ДызыхуэзыIэ гъэсыным и бюджетым и хэхъуэхэм я хэмкIипIэ нэхъыщхьэр, япэхэми хуэдизу, налогхэмрэ федеральнэ бюджетым кьыутIыпщ дэлэпкъ ныгъэмрэщI. Республикэ бюджетым и хэщIэр дызыхуэжьIэу илъэсым ягъэмащIэ. Псом япэу абы и щхьэусыгъэуэр федеральнэ бюджетым кьыхэкIыу кьытIэрыхьэну ахъшэр нэхъ мащIэ зэращIэр. Апхуэдэу щыт пэтми, КъБР-м и Правительствэм щыхуэзэм я пащхьэ щIэ я кIалэм псори нэгъэсауэ зэрирегъэзэщIэнумкIэ щэсыпIэ йоувэ.

Республикэ бюджетым и хэхъуэр зэрызэхэлыну кьэтIыгъэр мы кьыкIэлыкIуэхэм хуэдэхуу:

федеральнэ бюджетым и дотацхэр сом меларди 10-рэ мелуан 269-рэ хьуурэ;

акциз зытрагъакъэ товарэхэм кьапэкIуэну акцизыр сом меларди 2-рэ мелуан 937-рэ хьуурэ;

НДФЛ-р сом 1 меларди 567-рэ хьуурэ;

пщIэкIэ зэфIагъэкI Iуэхутхьэбзэхэм кьапэкIуэну ахъшэр сом 1 меларди 614-рэ кIэрахьуну. Ауэ дызэрыт илъэсым ельытауэ «Лъэпкъ шынагъуэншагъэмрэ хабзэхъумэ лэжьыгъэмрэ» IыхьэмкIэ хэщIэхэр проценти 118-рэ, «Егъэджэныгъэр» IыхьэмкIэ проценти 138,5-рэ хьун хуейщ.

Адрей IыхьэхэмкIэ хэщIэхэр проценти 5-кIэ, нэхъыбкIэ ягъэмащIэнущ. Псом хэмыдзэу кIэрыхунущ «Лъэпкъ экономикэр» IыхьэмкIэ кьагъэсэбэпыну ахъшэм. Ар 2009 гъэм ельытауэ зэрыхьунур процент 39,3-щ.

Бюджет ахъшэр нэхъыбэу зытрагъакIуэдэнур «Бюджет зэхуакъу трансфертхэр» (сом меларди 6-рэ мелуан 229-рэ е хэщI псоми я процент 30,9-р), «Лъэпкъ экономикэр» (сом меларди 2-рэ мелуан 680,6-р е хэщI псоми я процент 13,3-р), «Социальнэ политикэр» (сом меларди 3-рэ мелуан 491,1-р е хэщI псоми я процент 17,3-р «Уэрыншагъэр хьумэныр, физкультурэмрэ спортымрэ» (сом 1 меларди 387,9-р е хэщI псоми я процент 6,9-р), «Лъэпкъ шынагъуэншагъэмрэ хабзэхъумэ лэжьыгъэмрэ» (сом 1 меларди 433-рэ е хэщI псоми я процент 7,1-р), «Егъэджэныгъэр» (сом 1 меларди 5-рэ е хэщI псоми я процент 7,9-р) разделхэр.

Зэрытлъагъуди, блэкIа илъэсхэм ельытыгъ мэ, мыгъэрей бюджетыр социальнэ Iуэхуэр дэгъэкIыным нэхъ хуэунэтIащ. Абы кьеГъэльагъуэ дунейпсо кризисым и лъэхъэнэм Правительствэм цIыхухэм я пащхьэ кьыщIэ кьалэнэхэр нэгъэсауэ игъэзэщIну, бюджет Iэнатlэм щылажьэхэм защIигъэкьуэну зэрыхущIэкъур.

- Сыт хуэдэ Iуэхухэм фелэжьыжьыхьэу щыт бюджетым и проблемэ етIуанэ кьеджэгъуэу щыхэпльэнум ирихьэлIау?

- ЕтIуанэ кьеджэгъуэм щыхуэзэхьэзыркIэ финансиэ документ нэхъыщхьэм щыIэ нэхъ уейщ яп кьеджэгъуэу щыхэпльэм, апхуэдэу цIыху куэд кьрихьэлIэу щытепсэлIыхьым щыхьалхьэ чэнджэщхэмрэ абы хуащIа дагъуэхэ зэмрэ. Абыхэм кьадэкIу ру, Финансхэр и министерствэм зэрирегъэзэжьынкIэ кьыпщыту мы кьыкIэлыкIуэ документхэр:

Къэбэрдей-Балькъэр Республикэм и саныплIэт фондым хиубыдэ объектхэм я спискэр;

федеральнэ программэ хэхэхэмрэ лъэпкъ проект пэрытхэмрэ гъэзэщIынымрэ республикэ бюджетым кьыхэкIыу трагъэкIуэдэну кьабжаехэр;

муниципальнэ районэмрэ кьалэ округхэмрэ иратыну дотацэхэр зэрырагъашэ щыкIэм теухуауэ бюджетым и проектым и гуэдзэныр;

2010 гъэм кьэрал мылькыр приватизацIэ щыкIэмкIэ зыхуэпльэхэм ятеухуа планыр (программэр);

2010 гъэм кьэралымрэ муниципалитетхэмрэ зыхуейхэм папщIэ ирагъэкIуэкIыну уухуэныгъэхэм я инвестицIэ программэр.

- Иджыпсту 2010 гъэм и бюджетыр кьэщIэтыным и лъэныкъуэкIэ зэфIагъэкIэм арэзы укъущIа?

- 2010 гъэм и бюджетыр сыт и лъэныкъуэкIи зэхуэгъэхъуным щIэгъэхуэбжьауэ долэжь. Бюджетыр зэхэлъхьэныкъэ кьэщIэтыныр зэхэт министерствэхэмрэ ведомствэхэмрэ кьадэкIуэу, хьыджрагъашхуэ я кьагъэлъагъуауэ муниципалитетхэмрэ жылагъуэ зэпхыныгъэхэмрэ я лIыкIуэхэм. Ахэр мы документым щытепсэлъыхь зэIущIэхэм кьрихьэлIащ. Зэрыщыту кьапщтэмэ, зыхуэфащэ лъэныкъуэ псоми я дежи иджыпсту зыри кьыщынэркъым икIи 2010 гъэм и финанс документ нэхъыщхьэр сыт и лъэныкъуэкIи кьэзэгъыу, республикэм зегъэужьыныбжьэ щыхуэхэм я псэукIэр егъэфIэкIуэнымрэ хуэунэтIауэ щытыну дыщогуфъ.

- Бюджетым и проектым щыхэпльэм куэдым кьаIэтауэ щытащ транспортым папщIэ налогым и Iуэхур. Абы теухуауэ сыт жыпIэн?

- ТранспортымкIэ налогым 2009 гъэм ельытауэ зихьуэжьынкъым, нэгъэущIу жыпIэмэ, ар 2005 гъэм кьыхэращтауэ щытам хуэдизу кьоно. Абы и лъэныкъуэкIэ кьэгъэлъагъуэнкъым республикэм транспортым и бжьыгъэм псынщIэу зэрыщыхэхьэр. Кьапщтэмэ, 2008 гъэм ар мин 15-кIэ нэхъыбэ хьуамэ, дыхэрыт илъэсым и япэ мазипщым кьрихубыдэу мин 20 кьыхэхъуащ икIи псори зэхуэхъуэ мини 180-м нэсащ. ТранспортымкIэ налогым кьыпэкIуэу кьаIэрыхьэну гъэ кьэс ягъэувыр икъукIэ мащIэщ, ари нэгъэсауэ кьахуэхэкIыркъым. 2009 гъэм кьахуэхэныну кьальытэр сом мелуан 62-рэщ, псори зэхэту сом мелуани 140-м щIигъу кьыхэкIын хуейуэ, блэкIа илъэсхэм кьатена щыхуэр сом мелуани 102-рэ хьуурэ щыт пэтми. Жылагъэ хьунущ ди цIыхухэр дэ налог зэрамытыну щыкIэм хуэдгъэсауэ. ИкIи мы налог лIэужьыгъуэр налог Iэнатlэхэм я лэжьыкIуэхэм я закъуэкIэ кьахуэхьынукъым. УФ-м и субъект куэдым а лэжьыгъэм кьыщыхашэ зэрыщытыжьуэ судыщIэхэри, суд приставхэри, ГИБДД-м и лэжьыгъэхэри. Мы налог лIэужьыгъуэр нэгъэсауэ кьахуэхэныц щытми, бюджетым и налог хэхъуэ псоми я 1 процентым тIэкIиплI щIигъуну аращ. Ауэ ар щхьэусыгъуэкъым налог зымытхэм жьэуапир щхьэщацIын папщIэ.

БОРОВИНСКАЯ Татьянэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Iуэхущ Iапл эм и лэжьакIуэ.

ЩIалэгъуалэм я зэхуакуI - зэгурыIуэныгъэрэ зыныIэныгъэрэ

●Iуэху щхьэпэ

Дыгъэгъазэм и 7-м зэхэтащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и «ТекIуэныгъэ» республикэ кьызэгъэпэщащ кIуэ комитетым и зэIущIэ.

ЗэIущIэр кьызэIуихри, кьызэ хуэсахэм я пащхьэм кьыщыпсэльащ КъБР-м хьыбарегъащIэ Iэнатlэ хэмкIэ, жылагъуэ зэгучьныгъэхэм ядэлэжьнымрэ щIалэгъуалэ IуэхуэхэмкIэ и министр **Пащты Борис.**

- Илъэс зыбжанэ хьуауэ щыIэ «ТекIуэныгъэ» кьызэгъэпэщащIэ комитетым зэщIэгъэуIуэныгъэ лэжьыгъэшхэр ирегъэкIуэкI, - жиIащ абы. - ЕтIанэгъэ ТекIуэныгъэ Иныр илъэс 65-рэ зэрырикъур щыдгъэльапIэкIэ щIэблэм Хэкур фIыуэ егъэтIагъуным хуэунэтIа Iуэхугъэхэм ябыпIэщхуэ ябыдынущ.

Министрым и псалъэхэм тепщIыхьэ, жэпуэгъуэм и 14-м «ТекIуэныгъэ» Урысей кьызэгъэпэщащIэ комитетым щIалэгъуалэ политикэ зэгухьанIэгъэхэр дин экстремизмэм пэIэщIэ щIын и лъэныкъуэкIэ кьэрал властым и органхэм щрагъэкIуэкI лэжьыгъэр зыхуэдэр кьэпщIэныным теухуауэ зэхуитIэхэ 29-нэ зэIущIэм Iуэхущхуэхэр кьыщыхалъхьащ. Абыхэм япкъ иткIэ, мы зэманым министерствэм лэжьыгъэ пыу4ыкIа зэфIегъэкI ныбжьыщIэхэр политикэ, дин экстремизмэ хэм хэмыпщIэхуэным хуэгъэзауэ.

- Псом хуэмыдэу кьуажьэдэс щIалэгъуалэм гулыытэ нэхъыбэ яхуэдощ. Мы гъэм и жэпуэгъуэ, щокIуэгъуэ мазэхэм Лашынкъей, Къэрэгъэщ, Яныкъуей кьуажьэхэм, Солдатскэ станицэм дыщыIащ.

- Жиlащ Пащтым, - Мамырыгъэрэ зэхуэдэныныгъэрэ яку дэлъу ныбжьыщIэхэр псэуным, абыхэм нэхъ хуэущиныным жыдджэру, зэфIэкI жиIамкIэ, лэжьапIэншэу зезыгъэтхъэжьи я бжьыгъэр нужьрей илъэс 4-м хуэщI 2-кIэ нэхъ мащIэ хьуащ. 2006 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м апхуэдэхэр мин 41-м щигъуу щытамэ, мы илъэсым и дыгъэгъазэм и 1-м зэрыхьужьыр мин 20,9-рэщ.

- Тъэ нухым и щышылъэ-ж эпуэгъуэ мазэхэм кьрифыбдэу лэжьапIэ лыхьхуэу цIыху мин 65,2-м зыкьытхуагъэзащ, мин 52,8-м дадэлэпкъуащ. Мин 14-м лэжьапIэ е фейдэ зыпыль Iэнатlэ кьахуэдгъуэ. А бжьыгъэр нэгъабэ и апхуэдэ лъхъэнэм зэрыщытам нэхъ рэщитам 18-кIэ нэхьбэщ, - кьиIуэльэгъуащ Къэрал комитетым и унафэщIым.

Къуэдзокъуэ Мухьэмэд зэпкърыхауэ кьытеувыIащ финанс кризисым и зэранкIэ Iэнатlэхэм ящыIагъэкIэхэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэр зыхуэдэм. Абы кьызэрыкIуэм нэсыжьащ, мы гъэм жэпуэгъуэм и 16-м кьыщыщIэдзауэ дыгъэгъазэм и 2 щIондэ республикэм и организацIэ 153-м кьащащ щыIу 1994-рэ зэрыщыгъэхьанкIуэ тхьапшэр. Дыгъэгъазэм и 2-м хуэзэу администрацIэхэм я жэрдэмкIэ, цIыху 735-м я лэжьыгъэ жыпIэу ягъэкIыщащ, 281-рэ отпуск ягъэкIуащ, Iэнатlэ унафэщIхэм я зэранкIэ 12 Iуэхуншэу кьэнащ.

- Iэнатlэм щыщыIэ щытыкIэ ткIийр кьэдгъэщэфэн мурадкIэ, программиу догъэзащIэ. 2007 - 2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэрым и цIыхухэм Iэнатlэ кьагъуэтынымкIэ ядэщIэпIэнымкIэ и къэрал комитетым и унафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд** зэрыныным ныбжьыщIэхэм Iэнатlэ кьахуэдэнымкI гулыытэ хэха хуэдощ. Мази 10-м кьрифыбдэу илъэс 14-м кьыщыщIэдзауэ 18-м нэс эн ныбжьу мини 4,9-м пIалъэкIэ лэжьыгъэ кьахуэдгъуэтащ, мини 2,6-рэ предприятэхэр зыщIэупщIэ Iэщагъэхэм уедгъэджэну дгъэкIуащ. Дыгъэгъазэм и 1-м ирихьэлIэу лэжьапIэншэу мин 18,5-м пособиехэмрэ стипендиехэмрэ ираташ.

«2009 гъэм Къэбэрдей-Балькъэрым жылагъуэ лэжьыгъэкIэ кьызэрыщыIэр зарагъэпэщынымрэ ныбжьыщIэхэм я зэныкъуэкIэ зэрырагъэфIэкIуэну, щIалэгъуалэр зыныгъэ зыныкъуэ щIэблэм зыгъэтIыну норматив-правовой актхэр зэрагъэхьэзырыр-рэ теухуа Iуэхугъуэхэм. Абыхэм зэхуэсхэр хигъэтIыуэзащ Лъэныкъэмрэ социальнэ зыныкъуэмкIэ министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ. **Амщокъуэ ФатIимэт**. Ар зэпкърыхауэ я кьытеувыIащ зэщхьэщхьыхуэхэ сабийхэр зыгъэкIуэнымкI я мурад зэныкъуэ щрагъэкIуэну, фIакIуэ лагерхэмрэ зыгъэпсэхупIэ щыпIэхэмрэ я Iуэхум зэрыхуэщIам.

- ЕтIанэгъэ Къэбэрдей-Балькъэрым щыщ ныбжьыщIэ мин 60-м нэгъуэщI зэуэкIэ Iуэхутъуэ куэд кьапоплъэ. Ахэр гукъинэжу кьыщызэрыгъэгъэпщынум дегупсысащ. Къэралым абыхэм сом мелуан 253-рэ мин 700-рэ хухихьинущ, - жиIащ министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэм.

Тепсэлъыхьыныр зэфIэкIа нэужь, зыхэпльахъэм теухуа унафэ кьаштащ.

Лъэныкъуэщ комиссэм и зи чэзу зэхьыкъэр 2010 гъэм и япэ и кварталым ирагъэкIынущ.

ЗэIущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Iэтащхьэм и япэ кьуэдзэ **Тхъэгъэпльыхь Мурат**, министрхэр, Iэнатlэ унафэщIхэр, профсоюз лэжьакIуэхэр.

Пащты Борис кьызэрыхущIэщамкIэ, езыр-езыр зэгуэва щIалэгъуалэ организацIэхэми гулыытэшхуэ хуэзэ щIыпIэхэм я щIыпIэгъэхэр зищIысыр ягъэбелджылын папщIэ, мы гъэм и мазаем Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министерствэм дэщIыпгъуэ кьызэрагъэпэщыр, Налшык кьалэм и гимназие №29-м зэIущIэ щрагъэкIуэкIащ. Зэхьыхьэ щытепсэлъыхьащ а зэгухьэныгъэхэр кьыщIэунэхуам и щхьэусыгъуэхэм, я кьалэнхэм, абы хэтхэм я дуней етыныкIэм, ахэр щIыхьэм зэран хуэхъунрэ хуэмыхьунрэ зрагъэщIащ, нэгъуэщI Iуэхугъуэ щхьэпэ хэр кьыщIэтащ. Зэ1ущIэм хэ тхэр я Iужу епльыкIэхэмкIэ зэхъуэжащ. ЩIалэгъуалэм езыр-езыру кьызэрагъэпэща зэгухьэныгъэхэмрэ щIэныгъэмрэ пыбжьыщIэм я Iыщынагъэ творческэ лэжьыгъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ министерствэм иригъэкIуэкIащ, - жиIащ Пащтым, - «КъБР-м и щIалэгъуалэ 2009 - 2015 гъэхэм» республикэ программэ хэкам ипкъ иткIэ, министерствэм 2010 гъэм и бюджет ахъшэм кьыхэхкIыу телевиденэм «Iуэху епльыкIащIэ» нэтынкIэ кьызэригъэпэщыныщ. Ар щIэгъэкъуэн хуэтщIынущ щIалэгъуалэр экстремизмэм дедмыгъэхьэхьыным. Республикэ газетхэми абы ехьэлIа тхыгъэхэм кьэдгъэщохьэ.

Пащты Борис кьызэрыхущIэщамкIэ, езыр-езыру зэгуэва щIалэгъуалэ организацIэхэми гулыытэшхуэ хуэзэ щIыпIэхэм я щIыпIэгъэхэр зищIысыр ягъэбелджылын папщIэ, мы гъэм и мазаем Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ министерствэм дэщIыпгъуэ кьызэрагъэпэщыр, Налшык кьалэм и гимназие №29-м зэIущIэ щрагъэкIуэкIащ. Зэхьыхьэ щытепсэлъыхьащ а зэгухьэныгъэхэр кьыщIэунэхуам и щхьэусыгъуэхэм, я кьалэнхэм, абы хэтхэм я дуней етыныкIэм, ахэр щIыхьэм зэран хуэхъунрэ хуэмыхьунрэ зрагъэщIащ, нэгъуэщI Iуэхугъуэ щхьэпэ хэр кьыщIэтащ. Зэ1ущIэм хэ тхэр я Iужу епльыкIэхэмкIэ зэхъуэжащ. ЩIалэгъуалэм езыр-езыру кьызэрагъэпэща зэгухьэныгъэхэмрэ щIэныгъэмрэ пыбжьыщIэм я Iыщынагъэ творческэ лэжьыгъэхэм я гъэлъэгъуэныгъэ министерствэм иригъэкIуэкIащ, - жиIащ Пащтым, - «КъБР-м и щIалэгъуалэ 2009 - 2015 гъэхэм» республикэ программэ хэкам ипкъ иткIэ, министерствэм 2010 гъэм и бюджет ахъшэм кьыхэхкIыу телевиденэм «Iуэху епльыкIащIэ» нэтынкIэ кьызэригъэпэщыныщ. Ар щIэгъэкъуэн хуэтщIынущ щIалэгъуалэр экстремизмэм дедмыгъэхьэхьыным. Республикэ газетхэми абы ехьэлIа тхыгъэхэм кьэдгъэщохьэ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.

Къэбэрдей кьэрал драмэ театрым и лъэс кьудкIэ щыджэгуащ Урысей Федерацэм и цIыхубз артист Тыхъужь Алийр Къэбэрдей-Балькъэрым и цIыхубз артист Къаздэхъу СулътIанрэ. *1984 гъэ.*

●Ди сурэт тIэгIыIтъыгъэхэр

ЗэфIагъэкIахэмрэ къапэщытхэмрэ

● Лъэныкъуищ комиссэ

Хъыбар зэрыдгъэщIащи, КъБР-м и Правительствэм и Унэм дыгъэгъазэм и 9-м щыIэзэхэщ социально-лэжьыгъэ зэхущытыкIэхэр зэкIэлыпIэкIуэныныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и лъэныкъуищ комиссэм и зи чэзу зэIущIэр. Ар иригъэкIуэкIащ республикэм и ПромышленнокIэхэмрэ хьэрычэтыщIэхэмрэ я зэгухьэныгъэм и унафэщI Хьэжу Владимир.

КъБР-м экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатымкIэ и министр **Мусуков Алий** зэхэлъхьэм щыхэпльэгъуащ Къэбэрдей-Балькъэрым и экономикэм и Iэнатlэхэм я щытыкIэр зыхуэдэр. Абы кьызэригъэлъагъуамкIэ, дунейпсо финанс кризисыкIи кьиIуэ гулыытэ ехьхэм пщIэтыным хуэунэтIауэ Къэбэрдей-Балькъэрым и Президентым и унафэкIэ кьащта планыр ягъэзащIэ. Экономикэм и Iэнатlэхэмрэ финансиэ Iуэхущ Iапл эмрэ я щытыкIэр тхьэмахуэ зэхуакуэ кьэс кьапщытэ, абыхэм теуху хьыбарэр республикэм и унафэщIэм Iэрагъэхьэ. «2007 - 2011 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэрым хьэрычэтыщIэ Iэнатlэ цIыкIумрэ курытымрэ зэрызыщауэжыныр, ахэр зэрыщыдаIыгъынур» программэ хэхар гъэзэщIа мэ хуэ. Абы ипкъ иткIэ, инвестицIэ проектхэм кьыщагъэсэбэп ахъшэм проценткIэ щхьэщапчIыкIым щыщ Iыхьэ хуапшын, псэуальэшIэхэм токыр щыпадзэкIэ трагъэкIуадэм пэкIуэр ират, КъБР-м И Инвестицэхэмрэ зыужьныгъэмкIэ и агентствэр кьагъэсэбэпурэ, хьэрычэт Iуэху мыиныр дэIыгъынымкIэ муниципальнэ фондхэмрэ кредит кооперативхэмрэ я хьэрзынэу зыщIагъакIуэ, проект нэхъыщхьэхэр гъэзэщIынымкIэ мыльку хальхьэ.

- Ильэсым щыщу блэкIа мазаи 10-м экономикэм и Iэнатlэ щхьэхуэхэмкIэ промышленностым и индексыр процентии 100,5-рэ хьуащ. Ди дежи щагъэхьэзыра продукцIэу зэпыщIынкIэ зыхуэIэ хэм ягъэзащIа, щыкIуэ Iуэху тхьэбзэу зэфIагъэкIащ сом мелард 17-рэ мелуан 316-рэ и уасэ. Щхьэусыгъуэ зэмылIэужьыкIуэхэм кьыхэкIыу зи кьалэнхэм пэмыльэщхэри щыIэщ, - кьыгъэзагъэуащ Мусуков Алий. - УФ-м и Правительствэмрэ ЩIыналъэ зыужьныгъэмкIэ министерствэмрэ ягъэхьэзырыр Iэмалыншагъэхэм деж федеральнэ гъэзэщIынымкIэ щыIэ предприятэхэм я спискэр. Апхуэдэ фабрикэрэ заводу 1148-м Къэбэрдей-Балькъэрым ейуэ 5 хагъэхьащ. Гулъытэхьэр кьыщIэупщIэ, ахэр хуитщ льготэкIэ кредит кьыIахьыну, налог платежкэр щатын хуэди пIалъэр зыщIхьэщхьыну, щыхуэ зи зэшыпIэ кьыхуэзэрагъэпэщын папщIэ Урысейм и Правительствэм зыгъэгъэзэну. Федеральэ программэм хагъэхьащ «Кавказкабель» кабельнэ заводэ ЗАО-р, «Автозапчасть» Бахъсэн заводэ», «Гэрэ налмэс», «Гидромеханизм», «Налшык машинэхуэу заводэ» ОАО-хэр.

Министрым зэрыжиIамкIэ, мэкъумэш хозяйствэ лIэужьыгъуэ псоми гъавэрэ Iэщхэжьу сом мелард 18-рэ мелуани 162-рэ и уасэ кьащIащ.

Ар нэгъабэ и апхуэдэ лъэхъэнэм ельытауэ процент 103,4-рэ мэхуу. Дыгъэгъазэм и 1-м ирихьэлIэу агропромышленнэ комплексым и Iэнатlэхэм мы гъэм сом мелуан 759,2-рэ субсидиеу хухахащ. Абы щыщу мелуан 644,1-р федеральнэ бюджетым кьыхэкIащ. Жугъэныгъэу сом меларди 5-рэ мелуани 111,6-рэ и уасэ ирагъэкIуэкIащ, псэупIэу метр зэбгъуэзэнатlэ мини 174,3-рэ ятащ. Зыказэр зэрымащIэм кьыхэкIыу псэуальэпхъэу кьыщIагъэкIым кIэрыхуэщ, ауэ щIыхуэхэр я Iэнатlэм куэду щыIуагъэкI кьагъэхъуакьым, улахуэмкIэ щIыхуэ ятелькым. ЩIышынэ-фокIадэ мазэхэм экономикэм и зыужьныгъэмрэ социальнэ Iэнатlэхэмрэ я кьыщагъэсэбэп пащ мыльку нэхъыщхьэм кьыхрагъэльхьа инвестицIэу сом меларди 9-рэ мелуан 719,4-рэ. Розницэ сатур сом мелард 43-рэ мелуан 346,4-рэ щыпащ. Ар нэгъабэ и щыIэплъэ-жэпуэгъуэ мазэхэм зэрыщытам ельытауэ процентии 2-м нэблагъэкIэ нэхьыбэщ. Щыхуэхэм сом меларди 10 и уасэ Iуэхугъэ-зэхэщIа, мазэ улахуэр ику иту сом 10 577,2-м нэсащ.

- Финансым и Iэнатlэм щытыкIэр щыIэзэпIэзэрыщ. Мы гъэм и мазибгъэм налогрэ нэгъуэщI ахъшэхэм я бюджетым сом мелуан 555,6-рэ УФ-м и бюджетым ягъэкIуащ. А зэманым кьрифыбдэу Къэбэрдей-Балькъэрым и бюджет зэгугъэтым и хэхъуэхэр процентии 7,2-кIэ дэкIуэящ икIи ар сом меларди 5-рэ мелуан 333,6-м нэсащ. Республикэ бюджетым сом меларди 4-рэ мелуан 209,6-рэ, щIыпIэ бюджетхэм зы меларди 18-рэ мелуани 124-рэ кьаIэрыхьащ, - кьиIуэльэгъуащ къапсэлъам.

Мусуков Алий кьытеувыIащ Къэбэрдей-Балькъэрым и щIыналъэ банкхэм я щытыкIэмрэ абыхэм я Iэхэхуэхэр зэрыхуэдэмрэ.

КъыкIэлыкIуэу зэхьыхьэм щытепсэлъыхьащ лэжьыгъэм щыщIэ щытыкIэ ткIийр гъэтэмэным хуэунэтIауэ республикэм щыIэфIагъэкIэхэм, КъБР-м Щыхуэр Iэнатlэкlэ кьыIэрэгъэпэщынымкIэ и къэрал комитетым и унафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд** зэрыжиIамкIэ, лэжьапIэншэу зезыгъэтхъэжьи я бжьыгъэр нужьрей илъэс 4-м хуэщI 2-кIэ нэхъ мащIэ хьуащ. 2006 гъэм бадзэуэгъуэм и 1-м апхуэдэхэр мин 41-м щигъуу щытамэ, мы илъэсым и дыгъэгъазэм и 1-м зэрыхьужьыр мин 20,9-рэщ.

- Тъэ нухым и щышылъэ-ж эпуэгъуэ мазэхэм кьрифыбдэу лэжьапIэ лыхьхуэу цIыху мин 65,2-м зыкьытхуагъэзащ, мин 52,8-м дадэлэпкъуащ. Мин 14-м лэжьапIэ е фейдэ зыпыль Iэнатlэ кьахуэдгъуэ. А бжьыгъэр нэгъабэ и апхуэдэ лъхъэнэм зэрыщытам нэхьрэ процент 18-кIэ нэхьбэщ, - кьиIуэльэгъуащ Къэрал комитетым и унафэщIым.

Къуэдзокъуэ Мухьэмэд зэпкърыхауэ я кьытеувыIащ финанс кризисым и зэранкIэ Iэнатlэхэм я кьыщагъэсэкIэхэм хуащIэ Iуэхутхьэбзэхэр зыхуэдэм. Абы кьызэрыкIуэм нэсыжьащ, мы гъэм жэпуэгъуэм и 16-м кьыщыщIэдзауэ дыгъэгъазэм и 2 щIондэ республикэм и организацIэ 153-м кьащащ щыIу 1994-рэ зэрыщыгъэхьанкIуэ тхьапшэр. Дыгъэгъазэм и 2-м хуэзэу администрацIэхэм я жэрдэмкIэ, цIыху 735-м я лэжьыгъэ жыпIэу ягъэкIыщащ, 281-рэ отпуск ягъэкIуащ, Iэнатlэ унафэщIхэм я зэранкIэ 12 Iуэхуншэу кьэнащ.

- Iэнатlэм щыщыIэ щытыкIэ ткIийр кьэдгъэщэфэн мурадкIэ, программиу догъэзащIэ. 2007 - 2010 гъэхэм Къэбэрдей-Балькъэрым и цIыхухэм Iэнатlэ кьагъуэтынымкIэ ядэщIэпIэнымкIэ и къэрал комитетым и унафэщI **Къуэдзокъуэ Мухьэмэд** зэрыныным ныбжьыщIэхэм Iэнатlэ кьахуэдэнымкI гулыытэ хэха хуэдощ. Мази 10-м кьрифыбдэу илъэс 14-м кьыщыщIэдзауэ 18-м нэс эн ныбжьу мини 4,9-м пIалъэкIэ лэжьыгъэ кьахуэдгъуэтащ, мини 2,6-рэ предприятэхэр зыщIэупщIэ Iэщагъэхэм уедгъэджэну дгъэкIуащ. Дыгъэгъазэм и 1-м ирихьэлIэу лэжьапIэншэу мин 18,5-м пособиехэмрэ стипендиехэмрэ ираташ.

«2009 гъэм Къэбэрдей-Балькъэрым жылагъуэ лэжьыгъэкIэ кьызэрыщыIэр зарагъэпэщынымрэ ныбжьыщIэхэм я зэныкъуэкIэ зэрырагъэфIэкIуэну, щIалэгъуалэр зыныгъэ зыныкъуэ щIэблэм зыгъэтIыну норматив-правовой актхэр зэрагъэхьэзырыр-рэ теухуа Iуэхугъуэхэм. Абыхэм я зэхуэсхэр хигъэтIыуэзащ Лъэныкъэмрэ социальнэ зыныкъуэмкIэ министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэ. **Амщокъуэ ФатIимэт**. Ар зэпкърыхауэ я кьытеувыIащ зэщхьэщхьыхуэхэ сабийхэр зыгъэкIуэнымкI я мурад зэныкъуэ щрагъэкIуэну, фIакIуэ лагерхэмрэ зыгъэпсэхупIэ щыпIэхэмрэ я Iуэхум зэрыхуэщIам.

- ЕтIанэгъэ Къэбэрдей-Балькъэрым щыщ ныбжьыщIэ мин 60-м нэгъуэщI зэуэкIэ Iуэхутъуэ куэд кьапоплъэ. Ахэр гукъинэжу кьыщызэрыгъэгъэпщынум дегупсысащ. Къэралым абыхэм сом мелуан 253-рэ мин 700-рэ хухихьинущ, - жиIащ министрым и кьалэнхэр зыгъэзащIэм.

Тепсэлъыхьыныр зэфIэкIа нэужь, зыхэпльахъэм теухуа унафэ кьаштащ.

Лъэныкъуэщ комиссэм и зи чэзу зэхьыкъэр 2010 гъэм и япэ и кварталым ирагъэкIынущ.

Зэ1ущIэм хэтащ КъБР-м и Правительствэм и Iэтащхьэм и япэ кьуэдзэ **Тхъэгъэпльыхь Мурат**, министрхэр, Iэнатlэ унафэщIхэр, профсоюз лэжьакIуэхэр.

ХЬЭЖЬКЪАРЭ Алик.

● Профсоюзхэр

Экономикэм зиужьын папщIэ

КъБР-м и Профсоюзхэм я зэгухьэныгъэм и епщIанэ пленумыр зэхэтащ. Абы щытепсэлъыхьащ КъБР-м и социально-экономикэ зыужьныгъэр зыхуэдэмрэ республикэм и къалэхэм, районхэм я лэжьакIуэхэм я хуитыныгъэхэр хъумэн и лъэныкъуэкIэ профсоюзхэм я зэзыгъэуIу советхэм зэфIагъэкIахэмрэ ятеухуа Iуэхугъуэхэм.

ЗэIущIэр иригъэкIуэкIащ КъБР-м и Профсоюзхэм я Федерацэм и унафэщI **Тау Пщыкъан**.

Пленумым кьыщыпсэлъащ КъБР-м и Парламентым и Тхьэмадзэм и кьуэдзэ **Саенкэ Татьянэ**, республикэм и Профсоюзхэм я Федерацэм и Iэтащхьэм и кьуэдзэхэу **Евтушенко Сергейрэ Беслъэней Чэмалрэ**, сатум и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и рескомым и унафэщI **Бекъалды Ибрагим**, хуэунэтIа Iэнатlэм и лэжьакIуэхэм я профсоюзым и рескомым и нэхъыжь **Къущхъэ Руслан**, КъБР-м и профсоюз организацэхэм Прохладнэ кьалэм, Аруан, Бахъсэн районхэм щалъ зэзыгъэуIу советхэм я Iэтащхьэхэу **Бугаевэ Татьянэ, Блэнаеу Мухьэмэд, Василенкэ Татьянэ** сымэ, нэгъэущIхэри.

- Кризисым и щытыкIэ гугъуэ диту профсоюзхэр, властхэр, лэжьыгъэ зытхэр дыдзэгъуэу лъэпощхьэпохэр кьызэраджьыным жыджэру дыпщIыщауэ. ЛэжьакIуэхэр куэду IугъэжьыкIыну кьызэтедгъэувыIащ, я Iэнатlэм щагъэмащIахэмэ гулыытэ хуедгъэщIын тхузэфIэкIащ, - жиIащ Тау Пщыкъан. - Арами, хэхъуэ нэхъыбэ дыдэ зиIэр электроэнергиер щагъуэ Iэнатlэрщ. Мы гъэм республикэм и организацIэхэм щIышыпэ-фокIадэ мазэхэм яIэрыхьа сом мелуан 470-м щыщу мелуани 159,9-р абы хуоз.

Къэпсалъэм кьызэрыкIуэщамкIэ, кредитым тралъхьэ процентхэр ёуэуа пэтми, КъБР-м и экономикэм инвестицэхэр кьэмощIакI. Iэнатlэ псоми кризисым ижь кьыщIихуащ. ЛэжьапIэншэхэр иджыри мащIэхьэм. 2009 гъэм апхуэдэхэм я бжьыгъэр мин 70-м нызэрыхьэсащ. Абыхэм ящыщу лэжьыгъэ ямыIэу зезыгъ

● Ипщэ щIыналъэ

Адыгейр щапхъэ мэхъу

Мейкъуапэ къыщыIэIуахынуи политтехнологиехэмкIэ центр. Ар хъуи Адыгеи экспертмэхэм лъэшу зэрыпэщIэтыну Iмэлахэр зыубгъуху Iуэхущапи. Терроризмэм и бий республикэ комиссэм и зэIуплIэм ар щыжиIащ Адыгейм и Президент Тхьэкlушынэ Аслъэнджерий. Абы и псалъэхэм ятепщыхьмэ, мы Iуэхум хуэгъэзауэ газетхэм ятхэм, телевиденэрэ радиокIэ къытхэм зрагъэгубгъуеуц. Телевиденэм щагъэхьэзырынущ «Аэрн», «Диныр», «Республикэм щыпсэу лъэпкъхэр» нэтынхэр. Аха нэхъыбэу зыхуэгъэзауэ щытынур щIалэгъуалэрщ.

ЕЗЫ РЕСПУБЛИКЭМ и экономиюр Iейкъым. Ар УФ-м ШынагъуэшагъэмкIэ и Советым иджыблагъэ Анапэ щригъэкIуэкIа зэIуплIэм щыжиIащ Урысеим щIыналъэ зыужьыныгъэмкIэ и министрым и къуэдэ Юрпалов Сергей. Республикэм мы гъэм и яп илъэс ныкъэм Iпщэ окружгым псом яп щищащ щIыхьхэм ахъшэу яIэрыхьэм зэрыхэхьуамкIэ - проценти 115,7-рэ. Лэжьапlэншэхэм я бжыгъэм кIэрыхуащ, лэжьапщэмкIэ щIыхэу гуэри ятелъыжькIым.

Iэшагъэлъэм кIыхьэральытэмкIэ, ар къаэрехьулар, кризисым кIыхьжIын папщIэ зэхаплъа программэм и мызакъуэу, щIыхэм зи псэм Iуэм хуэщIэжьхуэным, лъэпкъхэр зэгурыIуэу зэдэпсэуным хуэгъэзащI. Абы и лъэныкъуэкIэ Адыгейр Кавказ Ищхъэрэм и адрей республикэ псоми ЮофIэкI. Ар езыр «щIыпIэ пщтырхэм» и гъунэгъуквым, гъунапкъэ зыхуиIэр Iуэхуэгъэ щIэзэпщI Краснодар крайм и закъуэщ.

- Адыгейр кIонэжь Урысейм и ипщэ лъэныкъуэм и нэхъ щIыналъэ мамыр дыдэу, - жеIэ республикэм и президентым. - Сэ сыэзеплъымкIэ, Кавказ Ищхъэрэм егъэщIыла мыгъуагъэ куэдыр кIыхьэхьэкIыр щIыхуэхэм яIэрыхь хэхьуэхэр зэрымащIэрщ. Арыгъ мащIу зэрыпльфалIэхэм ятеплъэ щIэмыхьуэр. Адыгейм щIэIэ жыIалъэу-политикэ щытыкIэр зэпэщIу икIи зэщIэзыгъэплъэну щхьэусыгъуэхэр кIыкIыуэкIынукъым.

Илъэмым и гуГъу пщIымэ, Лъэпкъ Iуэхуэхмкlэ, я лъэпкъэгъуэхэм пщыщIэнэгъэхэр хуаIэнымкIэ, щIыхуб хьыбарегъащIэхэм я Iэнатlэхэмкlэ республикэ комитетым и унафэщI Жьэкlэмыкъу Вячеслав зэррыжиIамкlэ, диным зэи адыгэхэм я жылагъуэ гъащIэм тепщэнигъэр щиныгъакъым икIи сыт щыгъуи «адыгагъэ»-кIэ зэрдэж лъэпкъ щэнхабзэм и щIагъ щIэтщ. Абы кIыхьэкIыу, Iэшагъэлъэхэм кIыхьэгъэ адрей республикэхэм щыпсэухэм хуэдэу адыгэхэр нэхъуеиншэу диным дебгъэ хьэкIынкIи гуГъу хьуну.

Мейкъуапэрэ Адыгеймрэ я епископ Тихонрэ Адыгейм и муфтий Емыкъ Нурбийрэ зэтъуэгъэ хэтщ хуэгъэгъуным пыщIа Iуэхуэхмкlэ республикэ комиссэм, лъэхъуэщхэм макIуэ, курыт школхэм щеджэхэм яхуозэ.

Мазэ и пэкlэ Тэхъутэмыкъ уей куейм и Банэхэс, Псейтlыгу кIужьжьэм мэжджьытlщIэхэр кIыщIэзIуахащ. Кьэгъэлъэгъуэн хуейр ахэр Адыгейм и Къэрал Советым - Хасэм и депутат Щхьэлахъу Аслъэнджерий.

Члисэр яухуащ щIыдагъэ компание иным и унафэщIым и мыпкIыкIэ. Iпльэситlи и пэкlэ ар зэрауэгъну щIыкIэм зэрэ техьуат республикэм и Президентым. ЯщжьыкъуэкIэ егъэдахэ. Бжьыхь гъэщIэрэщIам кIыкIыуэ псори зэхэту щ хъууэ ягъэтIыса жыгыщIэ дахэ щIыкIуэхэр.

Кризисым щхьэкIэ къамыгъанэу, властхэм гулыт эшхуэ хуащI щэнхабзэм зегъэужьыным ехьэлIа Iэхуэхэм.

- Щэнхабзэмрэ гъуэзджьмрэ зегъэужьынымр зы пIалъэ пыуухьIам тещIыхьа лэжьыгъуэ щыткIым, - жеIэ АР-м щэнхабзэмкIэ и министр Жьмифэ Гъэзий.- Ар кIыхьэтуеIыбIэ мыхьхуну Iуэхущ. ПэщIэ, ди лIыкIыревI еуфулIанигъэ-хэм я лъабжьэр щыдгъэтIылъар нэхъапэрщ. АрщхьэкIэ республикэ дызэрыхьуам IэмалыщIэхэр хуэгъэзIуихащ. Иджы зым и дежкIи демыплъэкIыу ди щхьэ и унафэ тщIыкъ мэхъу. Ди деж щыпсэу лъэпкъ псоми я щэнхабзэм зрагъэужьыжьр. ИпэIуэкIэ ди деж урысыбзэкIэ тхьэхъэр кIыщIагъэкIыртэкъым, урысыбзэкIэ тхэ тхакIуэхэр щызакъуэтлакъуэт. Иджы урысыбзэкIэ кIыдокI «Литературная Адыгея» журнал Iувыр. Мы гъэм илъэс 18 ирикъуа республикэм и ныбжьыкIуэ Iэрэрыкъэ къафэмрэ я «Iслъэмей» ансамблыр, «Налмэс» къэрал къафакIуэ академие ансамблыр, «Русская удаль» симфоние оркестрыр. Иджы ахэр къэралым щынэхьыфIхэм хабжэ.

Адыгейр ящыщкъым мылькум кIыдэхуахэр щэнхабзэм щыкуэх щIыналъэхэм. Мыбы ягъ щIагъэщIыр щIыхэр сыт щыгъуи фIым хуэущиныгыр, щIэблэр лъэпкъым кIыдекIуэкI хабзэфIхэм щIэпIыкIынырщ. КIыхьэдэщIыщIи, щэнхабзэмкIэ республикэ щIыналъэхэм Iэмалыщ Iэпхъэ-хэм я лъабжьэр щыдгъэтIылъар нэхъапэрщ. Арщхьэкlэ республикэ дызэрыхьуам Iэмалыщ Iэпхъэ-хэм я лъабжьэр щыдгъэтIылъар нэхъапэрщ,

Хэт итха апхуэдиз?

Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым и лэжьакlуэхэмрэ студентхэмрэ ирагъэблагъащ «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и редактор нэхъыщхьэ, тхакlуэ, усакlуэ Тхьэзэплъ Хьэсэн. Ар зрагъэщlыхуну, абы и «Налмэсым къыхэщlыкlа чэщанэ» тхыльыщlэм зыщагъэгъуэзэну пшыхьым щыху куэдым зыкъырагъэхьэлlат.

ЗЭIУЩIЭР къыззэшIэпэщари езыгъэжьыкlари Гуманитар, социальнэ, экономикэ дерсхэмкlэ дерсхэмрэ и унафэщI **Щауэгъыкlу Людмилэщ.** Ар тепсэлъыхьащ Тхьэзэплъ Хьэсэн и тхыгъэхэм. Институтым кутырауогиемкlэ и кlуэдамэм и 4-нэ курсым щlэс студентхэр къеджащ гъащlэм, лъагъуныгъэм, нэгъэщlхэмэ ятеуухуаущ езым кьыхаха усэхэм. Ахэр ягу щIрихьам, къыщlыхахам и щхьэусыгъуэри жаIащ.

- Мыпхуэдэ пшыхьэр щlэх-щlэхыпрэ егъэкlуэкlын хуейщ, ди тхакlуэхэмрэ усакlуэхэмрэ студентхэм яцlыхун папщIэ. Абыхэм ящыщщ Тхьэзэплъ Хьэсэн, - жIащ философие щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **Эфендиев Сэлихь**. - Тхэрэщlэныр е езгъэджащ. Абы лъандэрэ дызэрощlэ, дызэныбжьэгъущ. Абы и усэхэм ди поэзием увыпIэшхуэ щаубыдащ. Кьыхэзгъэщlыну сыхуейщ Хьэсэн и усэ гъэдыгъуиплIхэм хуэдизыгъэ усакlуэ Кавказ Ищхьэрэм зэримысырэр. Абыхэм япэу сыкъыщеджам сигу зэрырихьар, кьызэрехьулар жесIэри, Iэмал имыIэу ахэр игъэбзагъэуэри сельэIат. Абы и Iэдакъэ кьыщlэкlащ рубаиуэ 900-м нэс. И тхыльыщlэр эсэта си ныбжьэгъуэр дижкэхьу йоджэ.

Адэкlэ псалъэ ираташ Гъуазджэхэмкlэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым щезыгъаджэ, тхакlуэ, усакlуэ **Жылэтеж Сэлэдин**

- Нобэрей пшыхьыр зращlэкlI Тхьэзэплъ Хьэсэн лъэныкъуэ зэхуэмыдэ куэдкlэ зэчиищхуэ зыбгъэдэлъ цlыхуц. Абы и щыхьэтщ усэ жьыпхъэм ит проз и къалэмыпIэм кьызэрыщlэкlар, ди республикэм и тхакlуэ, усакlуэ, литератор нэхъыфIхэм ар зэрыхабжэр, - жIащ Сэлэдин. Абы и псалъэм пыкьыща тхакlуэ **Бейтыгъуэн Сэфарбий** кьыхигъэщащ Хьэсэн и лэжьыгъэхэр, и Iуэхущlафэхэр уэзрыгушхуэн хуэдэу зэрыщытыр, абы и Iэдакъэщlэкlэр илъэс куэдкlэ зэрыпсэунур.

КъБР-м и Парламентым и депутат, «Минги Тау» журналым и редактор нэхъыщхьэ **Додуев Аскэр** Тхьэзэплъым ираташ Мечиев Кязим и цlэкlэ щыIэ щыгтхъу тхыльымрэ медалымрэ.

- Тхьэзэплъ Хьэсэн и Iэдакъэщlэкlэм седжэрт, ауэ езыр сцlыхуртэкъыми, зэми щlалэ дыдэу, зэми и ныбжьыр хэкIуэтэпауэ къыСщlыхьрт, - жIащ институтым культурологиемкlэ и кlуэдамэм и унафэщI **Ахъуэхъу Лена**. - Си гуапэ хъуащ Хьэсэн нобэ кьызэрысцlыхуар. ЖысIэну сыхуейт къуэкlыпIэ усэбзэм тетуу и усэхэр итхами, адыгэ усэ гъэпсыкlэм и хуэмэбжьымэ зэрыхэпIыгъуэр. Лэжьыгъэшхуэ республикэм, лъэпкъым папщIэ зэрыхуэфIкlыгъэ ди гуапэщ, - жIащ Лена.

Тхьэзэплъым жэуап ираташ институтым и лэжьакlуэхэмрэ студентхэмрэ зыщlэупщlахэм. Хьэсэн жIащ институтым кьиргъэлъэгъуа студент нэхъыфIм «Литературная Кабардино-Балкария» журналым и фондым кьихэкlыну мазитI къэс ахьшэ зэрыратынур, кьихь стипендием хуэдизу. Ар илъэсыщlэм дауб-лэнущ.

Институтым и унафэщlым и кlуэдзэ **Ащхъуэт Беслъэн** Тхьэзэплъым фIыщlэ хуищlащ, ар лъэпкъым хуэпэжу, лэжьыгъэм хуэжьыджэру зэрыщытыр зэригуапэр кьыхигъащ.

Iшыхьэр дахэу икlи гукъинжу зэрекlуэкlам и щыхьэт хухах зэманым сыхьэтитIым нэс зэрыщlрагъэгъуар.

Тхыгъэри сурэтри зейр
ТАБЫЩ Динарэщ.

● Пшыхьхэр

Тхьэзэплъ Хьэсэн и усэхэм къоджэ. Абы къыбгъэдэсщ Ащхъуэт Беслъэн.

Щыху пэжым и фэеплъ нэхур

Къат зыбжанэ хьу унэ зытIущ зыдт кьалэ щlынтIэр щIыхум ауфбгъуат. Пыlэ зыщхьэрыгъ дыу гупхэр щlынтIэм дэтщ, щIыхубзхэр гуэвгъуэ кьызытепсыха унагъуэм щIохьэ, Iыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ яхуогуэшэ. Абыхэм ящыщ дэтхэнэ зыми гуапэу ягу кьыщlигъэкlыжыну, щlэ щIыхумрэ щIэн зи ныбжьыр илъэс 75-м ягу дунейм ехыжа, дохутыр къулыкъум и подполковник Къэрэнашэ Iэдэм Хьажмурат и къуэм.

КЪЭРЭНАШЭ Iэдэм 1933 гъэм дыгъэгъаэзэм и 27-м Зеикъуэ къуажэм кьыщlалъхуащ. Курыт еджапIэр кьиухри, ар щIэтIысхьащ Дагъыстан Республикэм и Махрал медицинэ институтым икlи кьиухащ 1961 гъэм. Институтым щеджэу щIыщlэр къэзэтыным хэлъхьэныгъэ зэрыхуищlам папщIэ Iэдэм медаль кьыхуагъэфэщат.

Институтым нэужькlэ ар ягъэкlуащ Германием щыIэ дзэ частым. Абы кьыкlэлъыкlуэу Iэдэм кьулыкъу щищlащ Курскым, Польшэм, Адыгэ Республикэм, Краснодар крайм. И лэжьыгъэ Iнатlэм пэрытху, Къэрэнашэм мызэ-мытIэу и щIэныгъэм щыхигъэхъуащ Москва, Санкт-Петербург, Тбилиси кьалэхэм. Гъэлъэрпеим щыIэ дзэ частым и лазаретым и унафэщlу зи лэжьыгъэ Iнатlэм пэрыуху Къэрэнашэм хуэфIэкlат гарнизоным и хирург нэхъыщхьэ кьулыкъым нэсыну, лазаретым и хирургие кьудамэм и унафэщI хьуну, дзэ медицинэ кьулыкъым и подполковник щlихьыщlэр кьыгъэжьыну. 1979 гъэм КъБКъУ-м и военнэ кафедрэм и медицинэ циклым и унафэщlу Налшык кьагъэкlуэжащ.

СССР-м Iэщlкlэ Зэщlэуэда и Къарухэм кьулыкъу жыщlэу Iнатlэм емыбlэжьу зэрылажьэм папщIэ, Iэдэм мызэ-мытIэу хьыкlуагъэфащ дамыгъэ лъапIэхэр. И илъэс бжыгъэр ирикъуу дэзм кьыхэкIыжа и ужь, Къэрэнашэр КъБР-м и республикэ клиникэ сымаджэшым и дохутыр нэхъыщхьэм граждан зыхьумэжьныгъэмкlэ и кlуэдзэу дэжьащ.

Пщы зыхэмылъыр зыщ: дзэ кьулыкъым щыпэрытатми, сымаджэщхэм я кlуэдмэхэм я унафэщI кьулыкъухэр кьыщlылъысами, къызэрыгуэкlыу щIыхухэм щlахэтами, Iэдэм пщIэшхуэ иIащ, къэзыщIыхуу, и Iуэхущlафэм щlыгъуазэу абы хуэдизу ящlыгъуэ ящlыгъуэ хуэгъуэ махуэм дыкъыдэкlами, и лэжьапIэм яжриIэрт дызрикlуэну гъэзагъэ, зыгуэр къэхъу хьужыкlуэмэ, кьагъуэтын хуэдизу. Зы операцэ хьэлъэ ящlыртэкъым ар хэмыту.

Iэдэм зыщlыхуу щытахэм зыжьыр жаIэ, и унагъуэ ирехьу, и ныбжьэгъуу, и Iыхьлыуэ щрети, абы щlигъуэ зыхуимышlа, игъэщIэхьуа къызэрыгъуэтыгъуейр. И щыпхъу, къуэр бынхэм Iэдэм зыпащI щыIэтэкъым, абы и фIащlэкlэ дохутыр Iэщlагъэр кьыхэзыха къэзгъэщlкlэ. Псалъэм папщIэ, Къэрэнашэ Валентинэ КъБКъУ-м и медицинэ факультетым анатомиемкlэ и кафедрэм и унафэщI, Къэрэнашэ Iэмилат Бахьсэн кьалэ сымаджэщым и дохутыр нэхъыщхьэщ, Къэрэнашэ Анзор урологщ. Апхуэдэу Iэдэм и фIыгъэ зэкlаехэм, и щIэныгъэмрэ и лэжьыгъэмрэ щапхъэ зыхуэхъуахэм я щlэ куэд кьыпхуезбжэкlынущ.

- Къэрэнашэхэ я гугъу умыщlыхьи, си льэныкъуэкlи куэд дыдэм дэIэпыкъуащ ар. Iэдэм и фIыгъэкlэ гъэзагъ зыгъэуэтахэр мащlэкъым, и псэм ящlэ куэд Iуэхущ - жеIэ и гуапэу Iэмилат.

- «Хьэуэ», «схуэзэфIэкlынукъым» псалъэхэр имыщlэхэмкlи ярейт абы.

Къэрэнашэ Iэдэм адэ насыпфIэт, адэшхуэ Iумахуэт. И Iыхьлыхэмкlи и ныбжьэгъуфIхэми зэи тщlыгъупщlэнукъым ар. Псэужамэ, дыгъэгъаэзэм и 27-м зи ныбжьыр илъэс 75-р ирикъуну щыта IэщlагъэлI нэсыр кьыщlалъхуа Зеикъуэ кьуажэм щыщlалъхьэжащ, дунейм зэрехьэкlрэ куэд мыщlа, и ныбжьэгъуу пэжу, и классэгъуу щыта Дыкьынэ Хьэсэнбий и кхъащхьэм бгъурыльу.

Зи гуапагъэ куэд тлъэгъуа щlыхуэжьам и фэеплъ нэхур ар зыщlыхуу щыта псомэ тхъумэщ. Кьыщlэна и бын дахэр и адэм пхиша льагъуэм щlэрэ щlыхьрэ яIэу ирикlуэну ди гуапэщ.

ФIыщlэшхуэ яхудощI ди гуаэр кьыддэзыгъэпсыщlахэм, Iэдэм и гуапагъэм и Iуэхущlафэ дахэхэмрэ ящымыгъупщэу гуэзвэгъуэр зейхэм кьыдбгъэдэта псоми.

Къэрэнашэ Iэдэм и Iыхьлыхэмрэ ныбжьэгъухэмрэ.



● Хъуэхъу

Лэскэн районым хьыхэ Анзорей кьуажэм щыщ Дол Дарчэуэ Амир и пхъур кьыщlалъхуа махуэщ, и ныбжьыр илъэситI ирокъури, дохъуэхъу

Пщащэ гъэфIэным дынохъуэхъу Iэфыгъэрэ дэрэжэгъуэкlэ гъэнщlа сабиигъуэ уиIэну уи пщIэр лъагэрэ уи псэр кьабзэу, узыхэтыр акъылрэ Iуэхущlафэ дахэкlэ кьыдэпхъэхьу, уи адэ-анэр, кьыбдалъхуаэкэр уэркlэ гушхуэу илъэс куэдкlэ упсэуну. Насыпрэ фIыгъэкlэ Iкъэр кьыпхуэупсэ!

Мр анэшхуэ эр.

Сакъыныгъэр нэхъапэщ

Дыгъэгъаэзм и пэщlэдзэм Пермь кьыщlыхьуа гуаэм имыгъэгъуза къэгъуэтыгъуейщ. Щlыхуп 150-м ирокlуэн зи гъащlэр ихьа а насыпныщагъэр кьэзыща щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр мафIэсым зыщlыхьумэныкlэ щынагъуэщlагъэр кьыдэгъэщlынм и хабзэр уэнм ящlу, жэщ клубым хьэрэкlыгъэ кьызэрыщагъэсбэщар.

ДИ ЖАГЪУЭ зэрыхьунщи, хьэрэкlытIэхэмрэ пиротехникэ Iэмэпсымэхэмрэ кlэлъплъныныгъэншэу зэращэм, ахэр кьыщагъэсбэжкlэ зэрымысакъым цlыхухэм фэбжь хах, мафIэс къеушэ. Бжыгъэхэр щlыхьэт зэрытехьэмкlэ, нэхьыбэу лей зытехьар сабийхэмрэ ныбжьыщlэхэмрэщ. Ауэ къэлыда мафIэм и Iэужь балигъхэм щалъэIэси кьохьу.

Пиротехникэр кьыщlагъэсэбэжкlэ зэрымысакъым кьыхэкlыну нужьрей илъэсищым республикэм цlыху 22-м фэбжь ягъэтlащ, абы кьрикlуа мафIэсым хэщlыныгъэ сом минищ бжыгъэхэр кьихьащ.

Куэд щlауэ гу зэрылытащи, ныбжьыщlэхэм а «лагъым» цlыкlуэхэр зи щlалэгъуэ пщащэхэмрэ зи ныбжь хэкlуэта цlыхуухэмрэ я кlэщlадзэу, ахэр зэрагъащтэм кlэлъплъныныгъэ яфIэфIщ. Пиротехникэ Iэмэпсымэ пагэнар пластик е абдж птулькIэхэм изыдзэ зэранщlакlуэхэми ерохьэлI. Апхуэдэ гуэщlэм щынагъуэ кlымащlэну утугъэ хьунущ, ауэ абдж кумбыгъэм ирагъэзэгъа «лагъым цlыкlуэ» насыпныщагъэ кьрикlуэнущ.

МафIэс къэмыгъэхъуным кlэлъплъныныгъэ Налшык кьалэ кьудамэм и унафэщI Борисов Вячеслав кьызэрыджIащи, кьалэ администрацэм пиротехникэр япэ къэсым икlи дэнэ щlыпIи щемыгъэщынм техуэ унафэ илъэс кьэс кьещтэ. Пиротехникэ Iэмэпсымэхэр щахьэмэнэу икlи щащэну хуит ящlыр абы хуэщlа. МафIэс щlыныгъэуэнщlатэм зыщlыхьумэныкlэ къэрал Iуэхущlапlэм зыхуэфащ тхылъ зрита, зыхуей Iэмэпсымэхэмкlэ къызэргъэпщlа тыкуэн хэхаэрщ.

- Пэжщ, Илъэсищlэр кьыщlагъэбзагъкlэ абы ехьэлIауэ екIуэкI Iуэхугъуэхэм пиротехникэр кьыщlагъэсбэныныр кьыпхуэзтегъэуыВIэнукъым, - жеIэ КъБР-м МафIэсым пщIэтынымкlэ и къэрал къулыкъым и пресс-Iуэхущlапlэм и лэжьакlуэ Сэбан Арсен. – Апхуэдэу щыщыткlэ, дыхуейт абы кьрикlуэнкlэ хьуну Iуэху мыщхьэпэхэм ди щыхухэр щытхьумэну, пиротехникэ Iэмэпсымэхэр кьыщlащхьухкlэ, фIагъ зиIэ икlи сертификат тхылъ зыщlыгъуэр кьыхахыну, сакъыныгъэр зыщlамысгъэупщlну.

УЭРДОКЪУЭ Женя.

Пщlэ зыхуэтщl зиусхьэнхэ!

«КъБР-м и бизнес-навигатор» телефон тхылъым зревгъатхэмэ, ар фи хьэпшыпхэмрэ Iуэхутхьэбзэхэмрэ пхыгъэжьыкlыныкlи льэбакъуэщlэу къэфIлытэ хьунущ.

Мы тхылым информацэ кlэщI е фи фирмэм теухуа рекламэ ин тревгъэдэфынущ. Абы фихущlегъуэжьну кьыщlэжьыкlныкъым, сыту жьпIэмэ, «КъБР-м и бизнес-навигатор» телефон тхылъыр сыт и льэныкъуэкlи зэхуэгъэхуауэ ягъэхьэзыр. Дизайнэр тэмэму кьызэрыхахам и фIыщlэкlэ дэтхэнэ информацэри зэрыхуэхфащlэкlэ кьыхэгъэщlэхукlа мэхьу. Фи рекламэр зыхуэфащlэхэм я дзэ нэсын папщIэ, мыбы иджырей Iэмал псорэ кьыщlагъэсэбэпынущ.

Тхылъыр А5 форматкlэ кьыдокI, абы и напэкlуэщI 380-м предприятэу 4000-м щlегъуэм ятеухуа информацэ итщ, тиражыр 5000 хьун хуейщ.

Мы телефон тхылъым и тепльэри и дизайнри «Москва щыпэхъыфI дыдэщ» адрес-телефон тхылъым кьэдкlэ ешхыщ, абы и жинтыр щхьэжкlэпльыкlэщ, пленкэ тегъэльадэщ.

Тхылъыр нэхъ зытращlыхьыр Iэнатlэ зэмылIэужьыгъуэхэм щылажьэ хьэрычэтыщlэхэрщ, продукцэ кьыщlIэзыгъэкlэрщ, Iуэхутхьэбзащlэхэрщ, туризмэм и Iэнатlэхэрщ, еджапIэхэрщ. Тхылъыр «Роспечатымрэ» «Топ-тхылъ» тыкуэнхэрщ, уней тхылъ тыкуэнхэмрэ киоскхэрщ щащэ. Апхуэдэу ар Къэбэрдей-Балъкъэрым и щlыпIэ зэрыщlыгъуэхэм зэрыщlыгъуэ, Налшыкрэ республикэмрэ я курортхэр зыфIэгъэщlэгъуэнхэр зрагъэщlыжьу ящlыгъуэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым и щlыпIэ зэрыщlэ